

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu lumangsung sacara ilmiah sangkan bisa nyangking data sarta tujuan nu tangtu. Ku kituna, sangkan hasil tina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan, panalungtikan kudu nyoko kana métodena (Sugiyono, 2022, kc. 2). Métode panalungtikan mangrupa runtuyan kagiatan néangan bebeneran dina panalungtikan nu dimimitian ku pamikiran sangkan ngawangun rumusan masalah nepi ka nyiptakeun *hipotésis* awal, ogé dibantuan ku panalungtikan saméméhna nu ngajadikeun panalungtikan bisa diolah jeung dianalisis nepi ka ngawangun hiji kacindekan (Sahir, 2021, kc. 1).

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan panalungtikan ngeunaan “Modél *Quantum Writing* dina pangajaran nulis Carita Pondok Sunda” bisa dirancang minangka studi ékspérimén ka kelompok anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* jeung kelompok kontrol anu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* pikeun ngukur pamarekan dina dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode ékspérimén kalayan pamarekan kuantitatif lantaran analisis datana ngagunakeun ukuran data kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2022, kc. 72), métode ékspérimén nya éta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun mikanyaho pangaruh hiji perlakuan kana hiji hal dina kaayaan dikontrol. Hartina dina ieu panalungtikan téh aya dua variable, variabel bébas jeung variabel kauger, variabel bébas minangka perlakuan sarta variabel kauger minangka hasil. Dina prak-prakanana, métode ékspérimén ngabandingkeun hasil diajar tatakrama basa Sunda di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi jeung di kelas kontrol anu teu ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi. Ieu métode pikeun ngukur éféktivitas model *Quantum Writing* dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI. Ieu panalungtikan ngagunakeun desain *pretest-posttest control group design*. *Pretest* atawa disebut tés saméméh

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilaksanakeun di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* jeung di kelas anu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* pikeun mikanyaho kamampuh awal peserta didik, perlakuan dilaksanakeun di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* dina pangajaran carita pondok, sedengkeun di kelas kontrol teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* dina pangajaran carita pondok. *Posttest* atawa disebut tés sabada dilaksanakeun di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* jeung di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi média *Canva* sanggeus dilaksanakeun *treatment*. Ieu desain panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1 Desain Panalungtikan

Kelas	<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
R1	O1	X	Oa
R2	O2	-	Ob

(Sugiyono, 2022, kc. 76)

Keterangan:

- R1 = Sampel kelas pangajaran nulis carpon anu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*
- R2 = Sampel kelas pangajaran nulis carpon anu teu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*
- O1 = Tés awal kelas pangajaran nulis carpon anu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva* saméméh dibéré perlakuan
- O2 = Tés awal kelas pangajaran nulis carpon anu teu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva* saméméh dibéré perlakuan
- X = Perlakuan dina pangajaran nulis carpon ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*
- = Teu ngagunakeun perlakuan dina pangajaran nulis carpon anu teu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*
- Oa = Tés ahir (sabada) ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ob = Tés ahir (sabada) teu ngagunakeun model *Quantum Writing* binarung media aplikasi *Canva*

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi Panalungtikan

Populasi mangrupa wilayah umum anu diwangun ku: objék/subjék anu mibanda kualitas jeung karakteristik nu tangtu sarta ditangtukeun ku panalungtik pikeun ditalungtik tuluy ngahasilkeun kacindekan (Sugiyono). Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya taun ajaran 2024/2025.

Tabél 3. 2
Populasi Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Taun Ajaran 2024/2025

No.	Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1.	XI-1	23	14	37
2.	XI-2	23	15	38
3.	XI-3	6	29	35
4.	XI-4	5	30	53
5.	XI-5	14	24	38
6.	XI-6	4	31	35
7.	XI-7	11	27	38
8.	XI-8	13	23	36
9.	XI-9	18	20	38
10.	XI-10	17	21	38
11.	XI-11	9	27	36
12.	XI-12	18	20	38
13.	XI-1 Terbuka	17	13	30
14.	XI-2 Terbuka	15	14	29
15.	XI-3 Terbuka	3	29	32

Sumber: SMA Negeri 1 Ciawi Taun Ajaran 2024/2025

3.2.2 Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta bagian atawa wawakil tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku populasi (Sugiyono). Nu jadi sampel dina ieu panalungtikan téh aya dua kelas, nya éta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

Téhnik sampling nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik random sampling pikeun kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya taun ajaran

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2024/2025. Dumasar kana téhnik nu dilarapkeun, sampel pikeun ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas XI.1 pikeun kelas ékspérimén jeung kelas XI.9 pikeun kelas kontrol. Kalayan rincian ditétélakeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Siswa kelas XI.1 & kelas XI.9 SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya
Taun Ajaran 2024/2025

Kelas	Jumlah lalaki	Jumlah awéwé	Jumlah siswa	Keterangan
XI.1	23	14	37	Kelas anu ngagunakeun Modél <i>Quantum Writing</i> binarung media aplikasi <i>Canva</i>
XI.9	18	20	38	Kelas anu teu ngagunakeun Modél <i>Quantum Writing</i> binarung media aplikasi <i>Canva</i>
Jumlah	41	34	75	

Sumber: SMA Negeri 1 Ciawi Taun Ajaran 2024/2025

Sedengkeun nu jadi data tina ieu panalungtikan téh nya éta carpon hasil karangan siswa kelas XI.1 jeung siswa kelas XI.9 SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina panalungtikan “Modél *Quantum Writing*, pangajaran nulis Carita Pondok” rupa-rupa téhnik ngumpulkeun data bisa dilarapkeun pikeun meunangkeun informasi anu lengkep jeung akurat di antarana:

- 1) Tés (saméméh jeung sabada)

Ieu téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data:

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Kamampuh nulis carpon saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung média aplikasi *Canva*
- b. Kamampuh nulis carpon saméméh jeung sabada anu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung média aplikasi *Canva*

2) Angkét

Téhnik angkét gunana pikeun ngaguar kumaha kaayaan peserta didik sanggeus dilarapkeunana model pangajaran *Quantum Writing* dina nulis Carita Pondok. Angkét anu disusun sipatna tertutup. Siswa ngan dipaparin pilihan jawaban “enya” atawa “henteu”, bisa ogé “satuju kacida”, “satuju”, “kurang satuju”, atawa “henteu satuju” (Sugiyono, 2022, kc. 143).

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung tujuan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun instrumén tés nu diwangun ku soal tés saméméh jeung sabada perlakuan.

Tés saméméh jeung jeung sabada perlakuan nu dilakonan dina ieu panalungtikan téh dina wangun tés tinulis. Nya éta ngawengku nulis pancén ngeunaan Karangan Carita Pondok Basa Sunda nalika saméméh jeung sabada ngalaksanakeun Modél *Quantum Writing*. Aspék nu dipeunteun dina hasil karangan carita pondok basa Sunda siswa téh patali jeung aspék nu aya dina carponna nya éta kasaluyuan téma jeung eusi, organisasi eusi, diksi, makéna basa, jeung éjahan tata basana.

Lumangsungna prosés pangajaran dumasar kana modul ajar nu disusun saacanna. Di kelas ékspérimén, nalika ngalakonan tés saméméh jeung sabada perlakuan modul ajar nu dilarapkeun téh mangrupa prosés pangajaran ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi *Canva*. Sedengkeun nalika di kelas kontrol ngalaksanakeun tés saméméh jeung sabada perlakuan, modul ajar nu dilarapkeun nya éta modul nu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* jeung aplikasi *Canva*.


Lian ti instrumen tés, digunakeun ogé instrumén angkét pikeun ngumpulkeun data ngeunaan persépsi, minat, jeung tanggapan siswa kana ngagunakeun Modél *Quantum Writing* binarung aplikasi *Canva* dina pangajaran nulis. Angkét nu

digunakeun nya éta wanda patalékan tertutup. Kompoén nu diukur dina ieu angkét nya éta ngeunaan pangalaman diajar, tingkat kasugemaan, minat nulis Carita Pondok Sunda, jeung anggapan Modél *Quantum Writing*. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap mangrupa kisi-kisi tina angkét.

No	Aspek	Indikator	Nomor Butir Soal
1	Motivasi diajar	Modél <i>Quantum Writing</i> binarung média aplikasi <i>Canva</i> bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa	1,2,4,6,12
2	Ngungkulan bangbaluh nulis	Modél <i>Quantum Writing</i> binarung média aplikasi <i>Canva</i> bisa ngungkulan bangbaluh nalika nulis carita pondok	3,5,7
3	Kamampuh Nulis	Modél <i>Quantum Writing</i> binarung média aplikasi <i>Canva</i> bisa mantuan ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok.	8, 9, 10, 11

3.5 Prosedur/Alur Panalungtikan

Alur panalungtikan ulikan “Modél *Quantum Writing* dina pangajaran nulis Carita Singkat Sunda” bisa digambarkeun dina sababaraha tahapan anu sistematis. Pamarekanana ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan métode ékspérimén murni (true experimental design), desain anu dipaké *pretest-posttest* control group design. Ku kituna, alur panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan.



Bagan 3.1 Alur Panalungtikan

3.6 Téhnik Nganalisis Data

Téhnik nganalisis data dina panalungtikan “Modél *Quantum Writing* binarung média aplikasi *Canva* dina pangajaran nulis Carita Pondok” Analisis data dilakukeun sanggeus kabéh data bérés dikumpulkeun. Téhnik analisis data maké pamarekan statistik. Tujuanana pikeun ngajawab rumusan masalah jeung nguji hipotésis. Tahap-tahap nu digunakeun dina nganalisis data didadarkeun ieu di handap.

- 1) Data nu diolah nya éta data anu dikumpulkeun ku cara tés saméméh jeung tés sabada anu dilaksanakeun di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* jeung kelas anu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* siswa kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Tasikmalaya.
- 2) Méré peunteun dumasar kana skala peunteun, nya éta fokus kana struktur carita pondok anu aya dina hasil tulisan siswa. Ieu hal jadi katangtuan husus dina meunteun hasil tulisan siswa, sangkan dina praktékna, siswa mampu nyusun tulisananan dumasar kana struktur carita pondok nu geus ditangtukeun.

3.6.1 Aspék anu dipeunteun

Dina nulis carita pondok, aya sababaraha aspék penting pikeun nangtukeun kualitas éta carita. Aspék-aspek ieu patali jeung élemén-élemén dasar dina ngawangun narasi nu *efektif*, ngirut, jeung méré dampak ka anu maca. Nurutkeun Kuswari (2010, kc. 14), tujuan dipeunteun pangajaran basa nya éta:

- 1) Pikeun méré informasi ngeunaan karonjatan hasil pangajaran siswa sacara individual dina ngahontal tujuan saluyu jeung kagiatan diajar;
- 2) informasi nu bisa dipaké pikeun ngaping kagiatan pangajaran, boh ka siswa séwang-séwangan, boh ka sakabéh siswa di kelas;
- 3) informasi nu dicangking ku guru jeung siswa bisa dipaké pikeun mikanyaho tingkat kamampuh, nangtukeun tingkat hésé atawa babari pikeun lumangsungna rémedial jeung pengayaan;
- 4) informasi karonjatan siswa pikeun méré motivasi sangkan diajar leuwih hadé sarta ngaropéa kasalahan dina diajar;
- 5) apingan nu saluyu jeung kaayaan siswa.

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (*Studi Éksperimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Anapon aspék-aspék nu dipeunteun dina carita pondok nya éta struktur carita nurutkeun Nurgiyantoro dina Kuswari (2010, kc. 183) nya éta kasaluyuan téma jeung eusi, organinsasi eusi, diksi, makéna basa, jeung éjahan.

3.6.2 Skala Peunteun

Tés Nulis Carita Pondok

No Absén :.....

Wasta :.....

Kelas :.....

Jenis Kelamin :.....

Tabél 3.4 Aspék Skala Peunteun

Aspék	Skor	Bobot	Kritéria
Kasaluyuan Téma jeung Eusi	13-16	1	Kurang pisan (eusi carpon teu luyu jeung téma).
	17-21	2	Kurang (eusi carpon kurang alus ogé kurang luyu jeung téma).
	22-25	3	Cukup (eusi carpon alus, rada luyu jeung téma).
	26-30	4	Hadé pisan (eusi carpon alus, aya patalina jeung téma).
Organisasi Eusi	7-9	1	Kurang pisan (eusi teu dimekarkeun, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, antar paragraf jeung kalimahna teu raket).
	10-13	2	Kurang (eusi dimekarkeun kurang jelas, strukturna kurang sistematis jeung teu lengkep antar paragraf jeung kalimahna teu raket).
	14-17	3	Cukup (eusi dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis ,antar paragraf jeung kalimahna rada raket).
	18-20	4	Hadé pisan (eusi carpon alus jeung dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis lengkep ,antar paragraf jeung kalimahna raket pisan).
Diksi	7-9	1	Kurang hadé (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu teu merenah jeung kamalayan pisan).

Aspék	Skor	Bobot	Kritéria
	10-13	2	Kurang (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah, saeutik kamalayan).
	14-17	3	Cukup (ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap cukup alus, saeutik kamalayan).
	18-20	4	Hadé-pisan (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan).
Makéna Basa	7-9	1	Kurang hadé (basa nu dipaké teu maké basa sunda, teu loma jeung teu merenah).
	11-17	2	Kurang (basa nu dipaké teu maké basa sunda loma, loba kasalahan dina nyusun kalimah).
	18-21	3	Cukup (basa nu dipaké nya éta basa sunda loma tapi saeutik basa nu kurang merenah).
	22-25	4	Hadé pisan (basa nu dipaké nya éta basa sunda loma nu merenah jeung babari dipikaharti).
Éjahan	2	1	Kurang hadé (teu ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap).
	3	2	Kurang (teu ngawasa kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan).
	4	3	Cukup (ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan).
	5	4	Hadé-pisan (ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan).

Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010, kc.183 kalayan diropéa).

Nurutkeun kritéria di luhur, pikeun meunangkeun hasil nulis carita pondok siswa kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor (a + b + c + d + e)}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.5 Skala Peunteun

Skala	Katégori
76-100	Hadé
60-75	Cukup

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Skala	Katégori
40-59	Kurang
1-39	Kurang Pisan

(Nurgiyantoro, 2001)

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, data kuantitatif dianalisis maké *software* SPSS versi 26. Dina input anu baris dianalisis téh nya éta hasil tés saméméh jeung sadada nulis carita pondok di kelas anu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* ogé tés saméméh jeung sabada nulis carita pondok di kelas anu teu ngagunakeun modél *Quantum Writing* binarung aplikasi media *Canva* baris dijéntrékeun dina output hasil analisis SPSS.

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2022, kc. 149) yén hiji data miboga distribusi normal nalika jumlah data ti mimiti di luhur nepi ka handap miboga rata-rata anu sarua. Dina ieu panalungtikan digunakeun uji normalitas uji Shapiro-Wilk sabab sampelna aya 32 siswa. Hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

Ha : distribusi normal

H0 : distribusi data teu normal

Kritéria:

Upama nilai $\text{Sig.} \geq 0.05$, H0 ditarima. H1 ditolak, hartina data anu ditalungtik moga distribusi anu normal.

Upama nilai $\text{Sig.} \leq 0.05$, H1 ditarima. H0 ditolak, hartina data anu ditalungtik moga distribusi anu teu normal.

3.7.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakonan pikeun mikanyaho naha data dina ieu panalungtikan téh homogén atawa henteu. Data nu diujina nya éta sampel data nu

Ridwan Sidiq, 2025

MODÉL QUANTUM WRITING BINARUNG MÉDIA APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS CARPON (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dimeunangkeun tina populasi data nu sarua. Hipotésis dina nguji homogénitas data panalungtikan téh saperti ieu di handap.

H_a : varian sampel teu homogén

H_0 : varian sampel homogén

Ieu panalungtikan ngagunakeun uji homogénitas *Levene Statistic* kalawan ngagunakeun program SPSS. Anapon kritéria pikeun ngujina saperti ieu di handap.

H_a ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $< 0,05$

H_0 ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $> 0,05$

3.7.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dianalisis ku *software* SPSS versi 26. Saupama data distribusina normal hipotésisna ngagunakeun statistic paramétrik, sedengkeun lamun data distribusina teu normal ku kituna nguji hipotésisna ngagunakeun non-parametrik. Dina ieu panalungtikan uji hipotésisna ngagunakeun t-tes program SPSS versi 26. Léngkah mimiti anu kudu dilakukeun nya éta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol), hartina eweuh béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks carita pondok siswa fase kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Tasikmalaya saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél *Quantum Writing*.

H_1 (Hipotésis alternatif), hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks carita pondok siswa kelas XI SMA Negeri 1 Ciawi Tasikmalaya saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél *Quantum Writing*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima sedengkeun H_1 ditolak. Saupama nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditarima sedengkeun H_0 ditolak. Saupama nilai sign (signifikansi) $\leq 0,05$